

News Release



New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

GLENN A. GRANT, J.A.D.

Acting Administrative Director of the Courts

For more information contact:

PETER McALEER

MARYANN SPOTO

Office of Communications and Community Relations

609-815-2910

www.njcourts.gov

RICHARD J. HUGHES JUSTICE COMPLEX • P.O. BOX 037 • TRENTON, NJ 08625-0984

Difizyon Imedya: **Avril 14, 2020**

'Yon Travay Kolosal' Kijan Tribinal Noudjèze yo balanse Sekirite Piblik la ak Aksè a Lajistis Pandan Pandemi Mondyal la

**'A Monumental Task' How New Jersey Courts Balanced Public Safety and Access to Justice During a Worldwide Pandemic
(Haitian Creole)**

Ofireamezi ke coronavirus komanse pran pye nan leta odebi mwade mas la, Sistèm Jidisyè Noudjèze a komanse planifye touswit nouvo misyon li pou li kenbe tout tribinal ap mache pandan ke lap pwoteje sante tout anplwaye liyo ansanm ak piblik la.

Sa vle di transfòmè branch gouvènman a, a yon operasyon vityèl.

Jij Glenn A. Grant, Direktè Administratif Sipleyan Tribinal yo di: "Nou fèt pou pwoteje sekirite jij yo ak anplwaye tribinal yo, ansanm ak sekirite tout moun ki itilize tribinal yo fas a yon ijans sante san presedan," "An menm tan tou, nou te oblije asire aksè a lajistis epi kontinye founi sèvis esansyèl ba piblik la."

Pou rive reyisi ak bi sa a, Sistèm Jidisyè a te gen de gwo defi: chanje tout fonksyon tribinal yo ki jere pa prè de 10,000 anplwaye ak 600 etablisman a yon operasyon a distans epi ogmante kantite sal tribinal vityèl yo pou ka kontinye ak plis koze jidisyè ak pwosesis posib.

Anvan pandemi a, ozanviwon de 3,200 anplwaye sistèm jidisyè a te gen kapasite pou yo travay a distans. Nan de semenn sèlman, anplwaye enfòmasyon yo ITO pwolonje enfrakstite sistèm jidisyè poul rive a 7,700.

Nan yon grenn semenn, sistèm jidisyè a ale de 21 sal tribinal vityèl anvan COVID, ki te sipòte odyans konparasyon inisyal lè wikenn dapre Refòm Jisits Penal la, a 230 sal tribinal vityèl pou ka òdinè tribinal ki difize an dirèk ba piblik la nan menm moman a. Li ta ka ogmante a 300.

Tout Fonksyonè Lajistis, Jij ak anplwaye jere tout tip de petisyon, konferans, ak odyans swa pa telefòn ak Zoom, Scopia, epi Teams Virtual platforms.

Jack McCarthy II, Chèf Biwo Enfòmasyon pou Biwo Enfòmasyon Teknolojik Tribinal (ITO) di konsa: "Se yon travay kolosay ki sot fèt la a nan yon tan tou kout," "Nou te oblije ogmante sou enfrakstite teknolojik la pou sipòte twa fwa lavalè moun kap travay a distans, epi "konstwi" 10 fwa plis de sal tribinal vityèl --- tou sa nan de semenn.

Pèsonèl enfòmasyon la fòmè santenn de jij atravè tout leta sou kijan pou yo jere nouvo sal odyans vityèl yo.

Depi komansman odyans vityèl yo le 16 mas jiska 12 avril, tribinal Noudjèze yo tande preske 7,300 pwosesis vityèl ak plis de 38,000 patisipan.

Adopsyon, maryaj, odyans nan tribinal koze dwòg ak yon dal lòt pwosesis kontinye ap fèt de sekirite kay nou pandan kriz sante COVID-19 la.

Nan Tribinal Siprèm la, tout sèt jij up "reyini" de biwo endividyèl yo pandan ke avoka yo plede kòz yo a distans. Menm jan anvan pandemi a, tout evenman yo fèt an dirèk sou sit web jidisyè a, njcourts.gov.

Avoka yo plede koze apèl pa telefòn devan jij yo, ki ap travay tou a distans olye de nan biwo yo.

Byen ke tout jijman ak jiri anile, Jij Tribinal Siperyè yo nan divizyon penal ak dwa toujou jere kalandriye konplè yo.


Jij Tribinal Siperyè Jeffrey Jablonski.jij ki prezide sou koze chansèlri nan Vwazinaj Hudson la, gentan tande twa jijman vityèl an plis de yon seri de lòt koze.

Jij Jablonski di ke: "Byen ke pwosesis la pran yon lòt figi andeyò de sal tribinal la, yo toujou kontinye genyen menm pwen komen a, kontinye fonksyon tribinal la epi pwoteje tout dwa konsitasyonèl plenyan yo ak dwa yo pou yo ka tande ka yo rapid."

Jablonski di konsa ke pati ki konparèt nan tribinal yo odebi te yon ti jan doute men yo vinn pa wè kounyeya ke odyans vityèl sa yo "se yon lòt chapit nan pwogrè avangad ki fèt nan teknoloji" ke Sistèm Jidisyè te lanse.

Li di ke "Dout yo vinn evolye an konfyans ke sa pap si mal ke sa, ke sa se yon bagay kap bon epi tou, sa va pèmèt sistèm jidisyè a kontinye ap fonksyone san enteripsyon."

###



Tribinal Siprèm Noudjèze kap tande pledwari oral le 30 mas 2020. (Sistèm Jidisyè Noudjèze)



Jij Siperyè Stephen Taylor ap prezide sou yon petyasyon pou reouvri detansyon nan Konte Morris le 13 avril 2020.